Ассаламу гIалайкум!

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2023 соналъул 15 сентябрь Рузман №37 (7798) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Поздравления главы района

### Уважаемый Сергей Алимович!

Разрешите от себя лично и от всех жителей Цумадинского района поздравить Вас с днем рождения!



Ваш профессионализм и многолетний опыт работы на высших государственных должностях по праву снискали Вам авторитет успешного руководителя. Пройденный Вами жизненный путь является собой ярчайщий пример верности долгу, преданности и беззаветного служения своему народу.

Разносторонние знания и профессионализм помогают Вам успешно решать задачи по эффективному развитию региона, повышению качества жизни людей.

Желаем Вам крепкого здоровья, долгих лет жизни, мира, добра , благополучия и успехов в достижении намеченных планов во имя процветания родного Дагестана .

**С уважением, Ш. Омаров, глава МР «Цумадинский район»**

* * *

### Уважаемые работники и ветераны финансовой службы!

Примите самые искренние поздравления с профессиональным праздником -Днём финансиста!

В современных условиях роль специалистов финансовой сферы трудно переоценить. В ваших руках сосредоточены серьёзные финансовые ресурсы, для управления которыми требуется профессионализм и высокая ответственность. От вашей компетентности, грамотного планирования и использования денежных средств зависит экономическая стабильность и благополучие нашего района.

Выражаю искреннюю признательность за ваш непростой труд и преданность профессии. От всей души желаю достижения поставленных целей, новых идей, благополучия и профессиональных высот!

**Ш. Омаров, глава МР «Цумадинский район»**

* * *

### ХIурматиял районцоял!

Баркула нужеда Дагъистаналъул халкъал цолъиялъул рохалилаб къо. Дагъистаналъул халкъалъе гьеб къо ккола кIудияб байрамлъун.

Гьарула нужее, сахлъи, рохел, гъунки, гьудуллъи, Дагъистан цебе тIеялъе экономикаялъул, лъайкьеялъул, сахлъи цIуниялъул, спорталъул, маданияталъулгун адабияталъул рахъалъ гьабулеб хIалтIулъ кIудияб квербакъи.

Хириял дагъистаниял, 1741 ва 1945 саназ нилъер умумуз кьуна нилъее цолъиялъулги гъункиялъулги лъикIаб кIочон тезе бегьулареб дарс. Божи буго нилъецаги гьеб цIунилин ва хадуб бачIунеб гIелалъухъе къадруялда кьелин абун.

**Шамил ГIумаров,** районалъул бетIер

Райадминистрациялда

## Армиялде ахIиялъул ва налогазул налъи бецIизе ккеялъул бицана

7 сентябралда Агъвали райадминистрациялъул данделъабазул залалда районалъул бетIер Шамил ГIумаровасул нухмалъиялда гьоркь тIобитIана учреждениябазулгун организациябазул, росдал администрациябазул бутIрул ва райадминистрациялъул хIалтIухъаби гIахьаллъараб данделъи.

Гьениб хал гьабуна армиялде хъулухъ гьабизе призывникал ахIиялъе гьабулеб хIадурлъиялъул ва налогазул налъаби рецIиялъул суалал.

Армиялде хъулухъ гьабизе ахIиялда хурхун рагъулаб комиссариаталъ гьабулеб хIадурлъиялъулаб хIалтIул бицун кIалъазе вахъана районалъул рагъулав комиссар МухIамадрасул Расулов. Жиндирго кIалъаялъулъ гьес аслияб куцалъ кIвар буссинабуна гьеб рахъалъ росдал администрациялъ гьабизе кколеб хIалтIуде.

Гьезда тIадаб бугин абуна рагъулав комиссарас армиялда хъулухъ гьабизе ахIулесухъе жиндир заманалда повестка кьезе. Гьеб суал бугин абуна гьес районалъул ва республикаялъул нухмалъулезул хасаб хал гьабиялда. Гьединлъидал гьелдехун щивав нухмалъулесул букIине ккколин жавабчилъи, ва гьелда сверухъ гьабулеб къойилаб хIалтIиян абуна рагъулав комиссарас.

Налогазул суалазул хIакъалъулъ кIалъазе рахъана районалъул финансовияб отделалъул нухмалъулев ХIусен МухIамадов ва районазда гьоркьохъеб налогазул инспекциялъул отделалъул начальникасул



заместителал Шаврухан Саидов ва СайгидахIмад Къурбандибиров. Гьезул рагIабазда рекъон жакъа къоялда гIадамазда тIад бугеб налогазул налъи бахун буго цо миллионгун нусиялда кIикъоялда ункъазар гъурщиде. ЛъикIаб хIал гьечIо бюджеталъулал учреждениябазулги.

Гьезул налъи бахун буго микьго миллионгун анлънусиялда къоло анкьазар гъурщиде.

СайгидахIмад Къурбандибировас баян гьабуна гьанже гIадамазул рес бугин, интерненталъул кумекалдалъун жидеда тIад бугеб налогалъул налъи лъазабизе, налогазул инспекциялде инчIого.

Данделъиялъул хIасил гьабулаго, районалъул нухмалъулес жиндирго заместителасда тIадкъана гьеб кIиябго суалалда сверухъ гьабулеб хIалтIул хIаракат цIикIкIинабизе.

Данделъиялъул ахиралда Шамил ГIумаровас пачалихъиял учреждениябазул хIалтIухъабазул профсоюзалъул республикаялъулаб организациялъул ХIурматиял грамотабаздалъун кIодо гьаруна райадминистрациялъул архивалъул отделалъул нухмалъулей ХIалимат АхIмадова ва райадминистрациялъул экономикиябгун буголъиялъул отделалъул начальникасул заместитель Ражабдибир Исламов.



Рищи -2023

## Рищиял тIоритIана, депутатал рищана

8-10 сентябралда Гьадири муниципалияб гIуцIиялъул бугеб рищиялъул участкаялда тIоритIана ункъабилеб ахIиялъул Гьадири росдал поселениялъул Собраниялъул тIадеги депутатал рищиял.

Цереккун рукIарал депутатаз мандатал нахъе руссинарун рукIиналда бан тIоритIарал рищиязда вищана Гьадири росдал Собраниялъул лъабго депутат.



Рищиял тIоритIана рищиялъул законалъул тIалабазда рекъон, кинабгIаги гIадлу хвей гьечIого. Гьел тIоритIулаго участкаялъулаб ва территориалияб рищиялъул комиссиязде гIарзал рачIинчIо.

Рищиялъул лъабабго къоялъ полициялъул ва МЧСалъул вакилзабаз чIезабун букIана участкаялда хIинкъи гьечIолъи ва гIадлу-низам. Депутатазул вакансиялда бугеб лъабго мандаталъе хъвай-хъвагIай гьабун букIана щуго кандидатас.

«О муниципальных выборах в Республике Дагестан» абураб Дагъистан Республикаялъул законалъул 78 статьялъул 8 бутIаялда рекъон рищиялъул участкаялъул (№1710) комиссиялъ Гьадири муниципалияб гIуцIиялъул тIадеги тIоритIарал рищиязда Гьадири росдал Собраниялъул ункъабилеб ахIиялъул депутаталлъун рищараллъун рикIкIана:

**-ГьитIинов МухIамад Шагьрунабиевич,** 1992 соналъул 4 январалда гьавурав, лъай - хасаб гьоркьохъеб, хIалтIулев гьечIев, Гьадири росулъ чIарав, «Единая Россия» ТIолгороссиялъул политикияб партиялъул Дагъистаналъул регионалияб отделениялъул ЦIумада районалъул бакIалъулаб отделениялъ вихьизаврав.

**-МухIамадов МухIамад ВахIидович,** 1962 соналъул 5 январалда гьаврав, лъай-гьоркьохъеб пофессионалияб, кивниги хIалтIулев гьечIев, Гьадири росулъ чIарав, «Единая Россия» ТIолгороссиялъул политикияб партиялъул Дагъистаналъул регионалияб отделениялъул ЦIумада районалъул бакIалъулаб отделениялъ вихьизаврав.

**-МухIамадрасулов МухIамад Лабазанович,** 1964 соналъул 20 октябралда гьавурав, лъай - гIаммаб гьоркьохъеб, заманаялъ хIалтIуда гьечIев, Агъвали росулъ гIумру гьабун вугев, «Справедливая Россия - Патриоты - За Правду» социалистияб политикияб партиялъул Дагъистаналъул регионалияб отделениялъ вихьизаврав.

**МухIамадсаид Гъазиев,** территориалияб рищиялъул комиссиялъул председатель

## Паспортал кьуна

14 сентябралда Агъвали райадминистрациялъул данделъабазул залалда тIобитIана Дагъистаналъул халкъал цолъиялъул къоялъул хIурматалда гIолилазе паспортал кьеялъул рохалилаб тадбир.



Тадбир рагьана ва баркиялъулаб кIалъай гьабуна «Движение первых» абураб лъималазулгун гIолилазул жамгIиябгун пачалихъияб тIолгороссиялъул багъа-бачариялъул районалда йигей координатор ТIавус ЯхIяеваль. Рохалилаб ахIвал-хIалалда, байрам ва паспортал кьей баркулаго, гIолилазе паспортал кьуна РФялъул МВДялъул районалда бугеб отделалъул миграциялъулаб пунктальул нухмалъулев Заур МухIамаднабиевас.

Паспортал щваразул гьурмалъ букIана рохалилаб гьими ва чIухIиялъул асар. Тадбиралда гIахьаллъараз гIолилазда баркана паспортал щвей.

## МахIачхъалаялда ва ЦIада кIодо гьабуна Расул ХIамзатовасул юбилей




Расул ХIамзатовас 100 сон тIубаялъул хIурматалда байрамалъулал тадбирал тIоритIана 9 сентябралда шагIирасул гьитIинаб ватIаналда-Хунзахъ районалъул ЦIада росулъ.

Гьеб къоялъ районалъул вакилзаби хIисабалде гьенире щвана нижги.

ШагIирасул юбилеялда хурхун гьенир рукIана тIадегIанал гьалбал РФялъул Президентасул СКФОялда вугев ихтияр кодосев вакил Юрий Чайка, Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликов, РФялъул Президентасул гIакълучи Владимир Толстой, Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул председатель Заур Аскендеров, парламенталъул депутатал, РДялъул тIоцевесев Президент МухIу ГIалиев, пачалихъиял ва муниципалиял властальул вакилзаби, шагIирасул яс СалихIат ХIамзатова.

ТIадбиралъул гIахьалчагIи щвана шагIирасул лъимерлъи араб ЦIадаса ХIамзатил музейрокъоре. Гьениб цIунун буго



шагIирасул рукIа-рахьиналъул къайи-матахI, жив бетIергьанаб къайи, кагътал ва цогидаби.



КIудияв шагIирасул ватIаналде ва гьесул музейрокъове щвей жиндие хасаб кьимат кколин абуна Ю. Чайкаца. Гьединго гьес абуна Расул ХIамзатовасул юбилей кколин нилъер тIолабго улкаялъего кIудияб байрамлъун.

Роччараб ва цIад балеб къо букIаниги, кIудияб чIагольиялда ана гьеб къо Хунзахъ ва ЦIада.

Щвана Расул ХIамзатовасул гIумруялда хурхарал батIи-батIиял бакIазде.

Гьединго нижее рес щвана кIудияв шагIирасул юбилеялда хурхун цебесеб къоялъ М. Горький цIаралда бугеб ГIурусазул драмтеатралда тIобитIараб рохалилаб данделъиялда гIахьаллъизе.

«Нилъедаса ватIалъун 20 сон аниги, жакъаги нилъгун ВатIаналъе кумек гьабулеб вуго Расул ХIамзатов. Хвел гьечIеб полк гIадин руго гьесул хъахIал къункъраби роржунел руго ритIухълъиялде ва лъикIлъиялде нилъ киналго ахIулаго,-ян абуна Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовас.

Данделъиялда РФялъул Президентасул баркиялъул кагъат цIалана Лев Толстояс.

Жиндирго кIалъаялда Россиялъул хъвадарухъабазул Советалъул председатель Николай Ивановас абуна Дагъистаналъул литератураялълъ гуребги, гIурусазул литератураялда кIудияб ва кьиматаб бутIа лъунин Расул ХIамзатовасилан.

Гьединго гьенир рихьизаруна шагIирасул гIумруялда хурхарал видеороликал.

Тадбиралъе ахир лъуна ЧIарадисезул хоралъ, гьединго лъималазул «Лезгинка» хоралъ бихьизабураб «Клятва» абураб композициялъ.

**ХIалимат АхIмадова,** районалъул архивалъул нухмалъулей

**Расул ХIамзатов**

### Къункъраби

Дида ккола, рагъда, камурал васал
Кирго рукъун гьечIин, къанабакь лъечIин.
Доба борхалъуда хъахIил зобазда
ХъахIал къункърабазде сверун ратилин.

Гьел иххаз хаселаз халатал саназ
Нилъее салам кьун роржунел руго.
Гьелъин нилъ пашманго, бутIрулги рорхун,
Ралагьулел зодихъ щибаб нухалда.

Боржун унеб буго къункърабазул тIел,
Къукъа буго чIварал гьудулзабазул.
Гьезул тIелалда гьоркь цо бакI бихьула-
Дун вачIине гьаниб къачараб гурищ?

Къо щвела борхатаб хъахIилаб зодихъ
ХъахIаб къункъра лъугьун дунги паркъела.
Гьелъул гьаркьидалъул ракъалда тарал
Кинабго нуж, вацал, дица ахIила.

### Дагъистан

Гуро, гьитIинаб гьечIо, гьудулзаби, Дагъистан,
Гьелъул борхалъиялде ваха гьедин абулев.
Аххал тIогьода руго, тIогьал гIаздада руго,
ГIатIидаб Каспиялда гуми лъедолел руго.

ТIадегIанаб,
ТIадегIанаб, гIагараб,
МагIарулазул улка,
Аваданаб Дагъистан.

Йохъ, цо миллион гуро дагъистаниял ругел
Дуналалда гIагарлъи гIунги тIокI буго нилъер
МугIрул тIокIкIарал иццахъ океан загърадула
Аваразул васазухъ ясал чанги угьдула.

Гуро, гIамал кIудияб гIадамазул ватIан гьаб,
Амма бетIер даличIо Дагъистаналъ лъиего
Гьелъул ччорбалъ беролеб буго цIакъ машгьураб би
Гьелъул каранлъ кьабгIелеб буго цIакъ кьварараб ракI.

# МацI - миллаталъул бечелъи, цIуне гьеб

Жакъасел эбел -инсул ва лъималазул рукIа -рахъиналъулги гара - чIвариялъулги хIисаб гьабидал, рахIат толеб гьечIо чанго суалалъ. Щай нилъеца рехун толел магIарул гIадатал, кIочон толеб рахьдал мацI, сунца нилъ гьелде рачунел?

Лъил гъасде щваниги, жакъасеб къоялъ къанагIат рагIула гьениб рахьдал мацI, кир ругел чIамалал, багвалал, ункъракь, щиб ккараб нилъее рахьдал мацI кIочон хьвадизе ккани? ГIурус мацI лъаларин хIинкъи букIунищ рокъоги къватIирги гьелда кIалъалел? Байбихьул ккласазул тIахьазул хIисаб гьабичIищ? ТIолго тIахьал руго гIурус мацIалда. Гьелдалъун бичIчIуларищ гIурус мацI лъачIого хутIине гьечIеблъи? Лъимералъ рахьдал мацI бицичIого букIиналъул гIайиб цохIо эбел-инсуда буго, гьез кIвар кьуни, рес гьечIо лъимал рахьдал мацIалда кIалъачIого рукIине.

МагIарул мацIалда хурхараб суал дагьаб захIматаб буго, цебе 4 классалда швезегIан байбихьул классазул тIахьал рукIана авар мацIалда, гIурус мацIалъул хутIизегIан. ФГОСалъул хIукмабаздалъун хисана лъай кьеялъул система (ФГОС-лъайкьеялъул федералияб пачалихъияб стандарт).

Районалъул лъайкьеялъул управлениялъул нух малъулей Зайнаб ГIабдусаламовалъ авар мацI цIуниялъе щиб гьабулеб бугеб абураб суалалъе жаваб гьабуна:

-ФГОСалъул хIукмабазда мугъчIвайги гьабун рачIунел руго гIадамал магIарул мацIалъул дарсал щай дагь ругел абун. Гьал гIеларищ авар мацI цIуниялъе хIужаби абун? Масъала РФялъул лъайкьеялъулги гIелмуялъулги министерствоялъул 2015 сональъул 31 декабралда къабул гьабурал № 1576-1578 хIукмуялдалъун ФГОСалда гьарурал хиса-басиязда байбихьул, гьоркьохъеб ва гIаммаб школазда гIурус ва рахьдал мацI, литература предметазе кьурал рихьизарияl гIадамазда ричIулел гьечIо. Гьел статьяби хIалтIула республика, шагьар, росу бихьун. Бокьилаан гьеб суал битIун бичIизе. Жакъа лъайкьеялъул управлениялъ рес бихьун бажарараб хIалалъ жигар бахъулеб буго авар мацI цIуниялъе. Нижги магIарулаллъидал гьеб мацIги бокьулел, гьелдаги кIалъалел.

ЦIалул анкь щуго къоялъулалде бачиналъе гIилла буго Федералияб законалъул 28 ст. 1 бутIаялъ (29.12.2012. №273-ФЗ.) ихтияр кьолеб букIин цIалул идарабазе жидеда лъикI бихьухъ гIуцIизе. Дагъистаналда цIалул къоял дагь гьариялъе гIилла ккола санитариялгун эпидемиологиялъул СП.2.4.3648-20. тIалабазул кьучIалда РФялъул бетIерав пачалихъияв врачас 2020 сональъул 28 сентябралъ гьабураб хIукмуялда (№28) рекъон Дагъистаналъул лъай кьеялъулги гIелмуялъулги министерствоялъ къабул гьабураб хIукму.

Нилъее бокьун гьабураб жо гуро гьеб. Кинниги нижеда тIад къараб хIалалъ халтIи цебе бачине ккола. Гьелдалъун щиб хисараб абуни, цIалдохъабазе цо гIодобкъо цIикIкIана, цоги къоязде тIаде цо-цо дарс рехиялдалъун. ЦIалиялъе кинабгIаги зарал ккечIо, зарал ккана мугIалимзабазе, дагьлъана гьезул сагIтал. Гьелдаго цадахъ хисана школазул компонентазул сагIталги, хIинкъизе жо гьечIо.

ФГОСалъ гьарурал хиса-басиялъул хIасилалда дагьлъана 5-9 классазда авар мацIалъе рихьизарурал сагIтазул цо-цо сагIат. Кинниги нижеца магIарул мацIалъе кьолеб кIвар цIикIкIинабизе буго тIадеги гьарулел хIалтIабаздалъун. Гьел ккола авар мацIалъул олимпиадаби, кучIдул цIалиялъул къецал, бищун лъикIав учитель абураб конкурс, авар мацIалъул къо, классный час, утренникал, стендал, авар мацIалда сценаби. МагIарул мацIалда рахъулел газеталъул хIалтIухъабигун гьарула учительзабазул данделъаби.

Баркала Зайнаб ГIабдусаламовалъе жакъасеб гьаб авармацIалда хурхарал унтабазе жаваб гьабиялъухъ ва гьел къваридал «рамкабазулъ» гIатIидаб хIалтIи гьабиялъухъги.

Жакъа авар мацI кин ва киса бачIараб лъалев чи вати щакаб буго. Амма грамматикаялъул хIакъалъулъ абуни батIи -батIиял версияби руго.

Тарихалъул гIалимзабаз рикIкIунеб буго авар грамматикаялъул бищун кIвар бугеб замана букIанин анцIила щуабилеб гIасру. Аваразул грамматикияб ва лиитературияб рахъ цебе тIейги хурхинабулеб буго машгьурав гIалим ГIандиса ГIали-Мирзал цIаралда. Гъуниб районалъул СалтIа росулъ 1467 соналъ батун буго гьес хъвараб «ШархIу- аль- МухIаррар» абураб тIехь.

Авар мацI хвеялъул ургъел гьабуларезда ва гьеб цIунизе кIвар кьоларезда абизе бокьун буго кочIодалъун:

Гъаримаб авар мацI, цохIогояб тIехь
Гьебищ дуй батараб къварид гьабизе.
Гьединаб суал кьун лъимер бачIани,
Батулищ дур жаваб гIайиб нахъ чIвазе?

Гьединго урхъун балагье Расулил гьал рагIабазухъ:
-Лъаларо, МухIамад, цогиязул иш,
Амма дица дирго рахъалъ абила:
Метер магIарул мацI хвезе батани,
Хваги дун жакъаго жаниб ракI кьвагьун.

Щай дие къваригIун бугеб Дагъистан,
Дир гьаракь бахъани дир лъималахъа?
Щай, дир магIарулъи, магIарул чагIаз
Чияр мацI бицунеб жидерго гъасда?

**ТIайпур Юсупов**

# Авар мацI

**Расул ХIамзатов**

Нолъ макьилъ вихьана, кьалда лъукъ-лъукъун,
Кьурда квер чIван унев, бида вецIцIун дун;
Кьуруги батIалъун цеве унаго,
Цо лъарал рагIалда гIодов кколев дун.

Лъар чваххулеб буго чабхил кIкIалахъан,
Лъин кIанцIулеб буго ганчIазда тIасан;
ТIарамагъадисеб къвал балеб буго,
Къо лъикIилан дица согIаб ракьалда.

Дида лъалеб гьечIо лъил ракь гьабали,
РагIуларо цо сас сверухълъиялда.
ГIицIго борхалъуда цIумал ахIдола,
ГIицIго ахалъуда чундул угьдула.

Гьедин холев вуго, хадур гIодизе
Я гIагарлъи гуро, я гьудул гуро.
Берал къанщулелъул тIаде къулизе
Я йокьулей гьечIо, я чIужу гьечIо.

Гьале, гьеб мехалда, борхалъудасан
Нухлулазул гьаракь рагIана дида.
Гьез бицунеб буго ах, хур, хералъул,
Исана букIинеб магIишаталъул.

Кьерхен-роцIцIеналъул, боцIи-панзалъул,
Пуланав ХIасанил сихIирлъиялъул…
Гьел кIалъалел руго нилъер гIадатаб,
ГIагараб, бацIцIадаб магIарул мацIалъ.

Дир магIу бачIана бадиса къватIиб,
Къана данде цаби, вахъана тIаде.
Аваразул калам, гьелъул камиллъи!
Кинабго черхалда лъикIлъана ругънал.

Лъаларо, МухIамад, цогиязул иш,
Амма дица дирго рахъалъ абила:
Метер магIарул мацI хвезе батани,
Хваги дун жакъаго жаниб ракI кьвагьун.

Щай дие къваригIун бугеб Дагъистан,
Дир гьаракь бахъани дир лъималахъа?
Щай, дир магIаруллъи, магIарул чагIаз
Чияр мацI бицунеб жидерго гъасда?

Щай дие гьал мугIрул, гIурул рагIалда
ГIагараб магIарул кечI рагIичIони?
Камилаб гьаракьалъ нилъер кьерилаз
Кьурул рагIалда чIун, гьеб ахIулеб куц!

Дун кIудияб пикру гьитIин гьабизе
ГьитIинаб рукIнисан кIалъалев гуро,
Ва пачалихъазул Ассамблеялда
Авар мацIалъе бакI гьарулев гуро.

Амма гьал кьурабалъ улкаялъ рарал
Мактабазда гьеб мацI малъизе ккела.
Гьеб рекъараб буго нилъер халкъалда
Черхалда борчараб рачел киниги.

Гьеб мацIалъ панаяб кечI ахIулаго,
Киниги гьулакги кIикIана нилъер.
Гьаб мацIалъ рукъоса унеб мехалда
Нух битIагийилан абуна улбуз.

Гьанже нухалги тун рукъоре щвейгун,
Щиб, цоги мацIалъиш нилъ гаргадилел?
Дун магIарулазе, гьедин батани,
Бищун ахирияв поэтиш кколев?

МахIмудил пасихIлъи, гьасул хIасралъи,
Бидулъ къаламги ччун гьарурал кучIдул,
Гьел, нилъер магIарул мацIалъ кинигин,
Киданиги дида ричIчIизе гьечIо.

Бокьула, МухIамад, дие гьаб дунял,
Дунялалда бищун гьаб нилъер улка!
Дица кIвараб куцалъ кинабго рахъалъ
КучIдулъ гьеб ахIана, жеги ахIила.

Ва амма батIаго цоги рокьиялъ
Бокьула гIураб ракь, магIарул тIалъи.
Лъаларо кивехун дун хвелевали,
Амма хоб бокьила гьаниб букIине.

Щиб лъалеб, хабада цересан унел
Цо-цо нухлулаца дир хIисаб гьабун,
Гьав нилъер Хмамзатил Расул вугилан,
ХIасратаб магIарул мацIалъ абилеб.

## Дин ва гIумру

# ГIарцул пикру гьабизе бегьулищ?

**Инсанасул рекIелъе гIемерал пикраби рачIуна. Ризкъиялъул пикрабазги толаро инсан цо хIалалда. Кисадай боцIи щвелебин абун вукIуна. Нилъеда лъазе ккола ризкъи тIалаб гьабизе гьукъун гьечIеблъи. Бечедав чиясдаги кIола гIадамазе ва диналъе кумек гьабизе. Кинниги лъазе ккола цебе щиб гьабизе кколебали.**

Гьединал пикрабаз ТIадегIанав Аллагьасде гIагарлъизе толаро. Щайин абуни, гьеб нафсияб, нилъее бокьун бижараб пикру букIиналъ. Гьелъ рекIее асар гьабичIого хутIуларо. Гьединлъидалин нилъеда лъазе кколеб щиб цебе гьабизе кколебали. Цин ризкъиялъул -ургъелги гьабун, хадуб гурони Аллагь ракIалде щоларесул мурад, гьелдаго релълъараб букIуна.

ГIалимзабаз абуна, ризкъиялъул пикру гьабиялдаса ракI сахсаламатго букIин кколин Аллагьасдасан бугеб рахIмат ва нигIмат абун. Гьелдаса хвасарлъуларо ТIадегIанав Аллагьас цIунарав чи гурони.

Нилъеда лъазе ккола БетIергьанас щибаб рухIалъе ризкъи бихьизабун бугеблъи. Кида-къадги нилъее бихьизабураб ризкъи щвечIого нилъ хутIуларо. Аллагьас нилъ рижана ризкъиялдеги ва гьеб гуреб цогидаб жоялдеги хIажаталлъун. Гьезде мугъчIвазе ва гьезие лагълъи гьабизе рижичIо. Аллагьас нилъ рижана гьел жалазде хIажаталлъун, ай Аллагь нилъеда лъазелъун, Гьесде гIагарлъизелъун. Къуръаналда ТIадегIанав Аллагьас абуна: «Я иман лъурал гIадамал! Нуж руго Аллагьасде хIажаталлъун, Аллагъ вуго Бечедав ва Жиндие рецц гьабулев»,- ян (сура «ФатIир», аят 15).

ТIадегIанав Аллагьас нилъ ризкъиялде хIажаталлъун гьаруна, Гьесде гIагарлъизе рукIинелъун. Кинабниги бечелъи бижулевги кьолевги ТIадегIанав Аллагь гурони гьечIелъулха.

Абула нафс лъарав чиясда Аллагьги лъалин абун. Щибха гьелъул магIна?

Гьелъул магIна буго нафсалъул хIажалъи букIин, гьелъул гIодобегIанлъи лъани, Аллагьги лъалин Гьесул ТIадегIанал сипатаздалъунин абураб.

**Шамил МухIамадов**
**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

# «Аятул Курси»

Къуръаналда руго цо-цо сураби ва аятал жиделъ кIудиял хаслъаби ругел. Гьединазул цояб ккола «Бакъара» сураялъулъ бугеб «аятул Курси». Къуръаналъул бищун машгьураб, бищун хирияб, бищун къиматаб, бищун кири цIикIкIараб аят бугинги абула гьелда. Гьелъул хиралъаби рикIкIине нилъеда хIалги кIоларо.

Гьелъул хиралъиялъул хIакъалъулъ Абу-Умамаца бицун буго, Аварагас абунин: Паризаяб как бан хадуб «аятул Курси» цIаларав чиясе Алжаналде ккезе хвел тун батIияб жоялъ квал-квал гьабиларо»,-ян (Насаи). Гьеб буго жинца щайтIаналдаса, илбисалдаса, жундуздаса цIунулеблъунги.

ТафсирчагIаз гьелъие гьабураб магIнаялдасан буго: «ТIадегIанав Аллагь жив гурев цоги Аллагь гьечIев вуго, жиндие лагълъи гьабизе бегьулев. Жинда релълъараб щибго жоги гьечIев, Жив щибго жоялде хIажатавги гьечIев вуго. Жив чIагояв, Жиндие хвел гьечIев, даимго Жив нахъе хутIулев вуго. Киналниги халкъазул: гIадамал, хIайванал, женал, малаикзаби ва цогидаб кинабго махлукъаталъул тадбир Жинца гьабулев. Гьел киналго Жинде хIажатав, Жив щибго жоялде хIажатав гьечIев вуго. Жинде тIаде загIипаб яги къуватаб макьу бачIун гьелъ Жив кколарев вуго. Гьелъул магIна буго: Гьесде тIаде кинабгIаги гъаплат, кIочен, тохлъи бачIунаро ва Гьев щибаб лахIзаталъ кинабго махлукъаталъул тадбир гьабулев, гьеб махлукъ Жинда бихьулев вуго. Аллагьасул мулк буго зобал-ракьал ва гьезда жаниб бугеб кинабго махлукъат. Кинабго жо Гьесул къудраталда гъоркь буго ва Гьесие лагъзал руго. Щивго чи гьечIо жинца цогидасе шапагIат гьабизе кIолев, Гьес изну кьун хадуб гурони. ГIадамазда жиб лъалеб, бихьулеб дунялияб жо ва гьезда нахъа бугеб, гьезда тIаде бачIине бугеб ахираталъул умуралги Жинда лъалев вуго Аллагь. Жиндир лъай кинабго жоялде гIамлъарав Аллагь. ГIадамазда лъаларо Аллагьасул гIелмабаздаса цIакъ дагьаб жо гурони. Аварагзаби ритIун умматалда лъазабураб къадар гурони. Аллагьасул Курс, зобал-ракьаздаса Жиндир кIодолъи, гIатIилъи цIикIкIараб буго. ТIадегIанав Аллагьасе щибго захIмалъи, гIажизлъи букIунаро гьал киналго зобал-ракьазул тадбир гьабизе ва гьел цIунизе. Аллагь кинабго халкъалда тIад вугев вуго Жиндир ханлъиялдалъун, чIухIиялъул ва кIодолъиялъул БетIергьанги вуго».

**МухIаммадгIариф Къурбанов**
**«Ас-салам» газеталдаса босараб**

## Конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения

Решением Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет «Верхнегакваринский» от 06.09.2023 г. №1 на 6 ноября 2023 года объявлен конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «сельсовет «Верхнегакваринский».

Приём документов от граждан, желающих принять участие в конкурсе, будет осуществляться в администрации сельского поселения «сельсовет «Верхнегакваринский», в рабочие дни с 9:00 до 12:00ч. и с 13:00 до 17:00 ч. в срок до 24 октября 2023г. с момента опубликования настоящего объявления газете «Голос Цумады».

**Для участия в конкурсе кандидат представляет лично следующие документы:**

1. личное заявление на участие в конкурсе;
2. собственноручно заполненную и подписанную анкету с приложением фотографий 4 х 5 - 3 шт;
3. паспорт или заменяющий его документ;
4. документы, подтверждающие профессиональное образование, стаж работы и квалификацию (при наличии):

-документ о профессиональном образовании;

- трудовая книжка или иной документ, подтверждающий трудовую (служебную) деятельность гражданина;

5.сведения о доходах полученных кандидатом, его супругой(супругом), несовершеннолетними детьми, принадлежащем им имуществе, вкладах в банках, ценных бумагах.

6.согласие на обработку персональных данных.

Также подаются копии документов, указанных в подпунктах 3 и 4.

В качестве конкурсного задания кандидат представляет разработанную им программу действий, направленную на улучшение социально-экономической ситуации в сельском поселении.

Программа обязательно должна содержать:

- оценку текущего социально-экономического состояния сельского поселения;
- описание основных социально-экономических проблем сельского поселения;

-комплекс предлагаемых кандидатом мер, направленных на улучшение социально-экономического положения и решение основных проблем сельсовета;

Программа подписывается кандидатом и представляется в комиссию в день проведения конкурса.

Иные условия и порядок проведения конкурса, формы необходимых для участия в конкурсе документов утверждены решением Собрания депутатов сельского поселения «сельсовет «Верхнегакваринский» от 08.07.2015 г. №8 «Об утверждении Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения».

Дополнительную информацию можно получить в отделе правовой работы и информационных технологий администрации муниципального района «Цумадинский район».

**И.о. главы сельского поселения «сельсовет «Верхнегакваринский» Р. Сулейманов**

## Конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения

Решением Собрания депутатов сельского поселения «село Агвали» от 08.09.2023 г. №2 на 19 октября 2023 года объявлен конкурс по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения «село Агвали».

Приём документов от граждан, желающих принять участие в конкурсе будет осуществляться в срок до 5 октября 2023г. в администрации сельского поселения «село Агвали», в рабочие дни с 9-00 до 12-00 и с 13-00 до 17-00 часов. с момента опубликования настоящего объявления газете «Голос Цумады».

Для участия в конкурсе кандидат представляет лично следующие документы:

1.личное заявление на участие в конкурсе;

2.собственноручно заполненную и подписанную анкету с приложением фотографий 4 х 5 - 3 шт;

3. паспорт или заменяющий его документ;
4. документы, подтверждающие профессиональное образование, стаж работы и квалификацию (при наличии):

-документ о профессиональном образовании;

- трудовая книжка или иной документ, подтверждающий трудовую (служебную) деятельность гражданина;

5.сведения о доходах, полученных кандидатом, его супругой(супругом), несовершеннолетними детьми, принадлежащем им имуществе, вкладах в банках, ценных бумагах.

6.согласие на обработку персональных данных

Также подаются копии документов, указанных в подпунктах 3 и 4.

В качестве конкурсного задания кандидат представляет разработанную им программу действий, направленную на улучшение социально-экономической ситуации в сельском поселении.

Программа обязательно должна содержать:

- оценку текущего социально-экономического состояния сельского поселения;

-описание основных социально-экономических проблем сельского поселения;

-комплекс предлагаемых кандидатом мер, направленных на улучшение социально-экономического положения и решение основных проблем сельсовета;

Программа подписывается кандидатом и представляется в комиссию в день проведения конкурса.

Иные условия и порядок проведения конкурса, формы необходимых для участия в конкурсе документов утверждены решением Собрания депутатов сельского поселения «село Агвали» от 06.05.2015 г. №6 «Об утверждении Положения о порядке проведения конкурса по отбору кандидатур на должность главы сельского поселения».

Дополнительную информацию можно получить в отделе правовой работы и информационных технологий администрации муниципального района «Цумадинский район».

**Глава администрации сельского поселения «село Агвали» З. Загидов**

### Администрация муниципального района «Цумадинский район»

### Муниципальное казённое учреждение «Отдел строительства, дорожно-транспортного и жилищно-коммунального хозяйств»

### Приказ №17

**с. Агвали 08.09.2023г.**

**О запрещении использования воды в сел. Агвали, подаваемой централизованной системой водоснабжения**

Во исполнение Постановления главного санитарного врача по Ботлихскому, Ахвахскому, Гумбетовскому и Цумадинского районам №4 от 01.09.2023 г. « О запрещении использования воды, подаваемой централизованной системой водоснабжения для питьевых и хозяйственно-питьевых нужд населения с. Агвали, в том числе на объект СОП УМВД России по Липецкой области ( с дислокацией в Цумадинском районе РД н.п. Агвали)», приказываю:

1.Запретить использование воды, подаваемой населению с.Агвали для целей питьевого и хозяйственно-бытового водоснабжения населения до приведения качества воды в соответствие требованиям СанПиН.

2.Рекомендовать главе АСП села Агвали организовать временное водообеспечение населения села из резервуара с питьевой водой , расположенного рядом с зданием РЭС.

3.Данный приказ разместить на сайте райадминистрации и опубликовать в районной газете «Голос Цумады»

4.МКУ «ОС, ДТ и ЖКХ» совместно с Администрацией сельского поселения Агвали организовать качественную промывку, дезинфекцию и обеззараживание всей системы водоснабжения с. Агвали с привлечением специалистов территориального отдела Управления Роспотребнадзора по РД в Ботлихском районе.

5. МКУ «ОС, ДТ и ЖКХ» совместно с Администрацией сельского поселения Агвали информировать население и руководителей эпидемиологически значимых объектов (лечебно-профилактических и социальных учреждений) о планируемых отключениях и необходимости подвоза питьевой воды.

6.Рекомендовать населению, лечебно-профилактическим и социальным учреждениям использовать для питьевых целей бутилированную воду.

7.Контроль за исполнением настоящего приказа оставляю за собой.

**Начальник МКУ «ОС, ДТ и ЖКХ» Г. Муртазалиев**

## Не копите долги за газ и совершайте все расчеты вовремя

Согласно правил поставки газа абонент обязан вносить плату за газ до 10 числа месяца, следующего за истекшим.

Заплатить за газ не выходя из дома можно с помощью приложений «Газ Онлайн» и «Мой Газ», а также в «Личном кабинете абонента» на сайте www.mkala-mrg.ru.

Единый бесплатный номер «Контакт-центра» компании «Газпром межрегионгаз Махачкала» - 8-800-200-98-04, по которому можно узнать сумму вашей задолженности за газ, дату поверки счетчика и др.

### Лъугьа-бахъин

Тарумовск районалда КАМАЗ машина тIаде бачиналъул хIасилалда хун буго анлъго сон бараб лъимер.

Гьеб пашманаб иш ккун буго Тарумовск районалда Кочулей росулъ.

32 сон барав Буйнакск районалъул чияс анлъго сон барав васасде тIаде бачун буго КАМАЗ машина.

Чорхое ккараб жагъалльиялъул хIасилалда больницаялде щвезавурав вас хун вуго.

### Лъазаби

Агъвали ЗАГСалъул минаялда дандехун ЯхIиял тукадул бокIниль бугеб хIобода лъун буго маххул ящик.

Нужер чара гьечIого тIуразе кколел суалал, пикраби, малъа-хъваял ратани, хъван, ящикалъуре рехизе бегьула. ЦIар хъвачIониги бегьизе буго.

Суалал хал гьабизе ритIизе руго районалъул бетIерасухъе. Жавабал нужеда лъазарила.

**Районалъул жамгIияб палата** тел. 8 964 000 25 24

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44
Жавабияв секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, ЦIумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4
«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «ЦIумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»

Тираж - 1295
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)
Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.
Адрес электронной почты GoIostsumady@mail.ru